



Pou Piblikasyon Imedya: 13/1/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL PREZANTE PWOPOZISYON POU ANKOURAJE INOVASYON
EPI KREYE TRAVAY KI BYEN PEYE**

Ap ankouraje inovasyon ak kwasans ekonomik atravè investisman nan teknoloji kantik, byoteknoloji, konsepsyon pis semi-kondiktè, ak fabrikasyon modèn

Lanse Empire AI Beta epi kreye premye sant rechèch endepandan sou entèlijans atifisyèl nan SUNY Binghamton

Ranfòse Inisyativ Revitalizasyon anba Lavil la ak New York Forward

Ankouraje biznis atravè tout Eta a lè yo elimine restriksyon demode sou dans, modènize Lwa sou Kontwòl Bwason Alkolize, epi investi nan ekite atravè tout chèn apwovizyonman kanabis la

Prepare elèv yo pou mache travay la, epi konekte SUNY ak CUNY ak travay ki gen gwo demann

Jodi a, Gouvènè Hochul prezante nouvo pwopozisyon pou bati yon avni meyè pou Nouyòk, lè li ankouraje inovasyon epi kreye travay ki byen peye nan kad diskou li sou Eta Leta a pou ane 2026. Depi li te antre an fonksyon, Gouvènè a te ouvè yon nouvo epòk nan kwasans ekonomik lè l mete kòm priyorite kreyasyon travay, devlopman kominotè, ak revitalizasyon ekonomik. Soti nan investi nan nouvo teknoloji inovatè rive nan sipòte ti biznis yo, estrateji avanse sa a ap konstwi yon ekonomi ki rezistan ak enklizif, ki prepare nou pou konpetisyon nan avansman teknolojik sou yon echèl entènasyonal jodi a, epi pou jenerasyon k ap vini yo. Diskou Gouvènè a sou Eta Leta a gen ladan pwopozisyon pou ranfòse ekonomi dinamik Nouyòk, retounen travay lakay, revitalize kominote yo, konekte elèv yo ak travay ki gen gwo demann, epi etabli Nouyòk kòm sant inovasyon.

"Nouyòk ap pwouve ke lavni li pi briyan pase tout tan, e gras ak rezistans pèp nou an ak investisman entelijan ak vize nan kominote yo, Nouyòk pa sèlman ap refè, li ap leve," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kit se travay ki byen peye, ranfòse inovasyon teknolojik, elimine restriksyon sou biznis, oswa bay lokalite yo fon pou devlope, mwen te konsantre totalman sou elaji opòtinite pou Nouyòkè atravè tout Eta a. Mwen p ap kanpe, paske lavni nou se batay mwen."

Fè tout Eta Nouyòk tounen yon Peyi Pis Semi-kondiktè gras ak yon Sant Konsepsyon Pis Semi-kondiktè nan Sid Eta a

Nouyòk se yon lidè nasyonal nan fabrikasyon semi-kondiktè — youn nan endistri ki pi avanse ak enpòtan pou ekonomi 21yèm syèk la. Semi-kondiktè yo bay pouvwa pou tout bagay soti nan telefòn entelijan rive nan satelit, e yo prevwa ke sektè a ap jenere revni 1 trilyon dola sou plan mondyal anvan fen deseni a. Pandan Nouyòk ap mete anplas yon ekosistèm semi-kondiktè nasyonal ki pwospè, epi ap sipòte rechèch ak devlopman (R&D) nivo mondyal pou gwo konpayi ki deja etabli, gen espas pou elaji R&D pou pis semi-kondiktè nan premye etap yo lè yo angaje jèn antrepriz ki gen potansyèl men ki ka pa gen aksè ak zouti konsepsyon pis nan faz inisyal yo.

Pou atire fabrikasyon semi-kondiktè ki ap chèche envesti nan eta ki gen yon chèn inovasyon pis solid epi sipòte jèn antrepriz ki vle konpetitif nan domèn nan, Gouvènè Hochul ap pwopoze lanse yon Sant Konsepsyon Pis Semi-kondiktè ki baze nan sid eta a. Inisyativ sa a pral vize pou tire pwofi nan ekosistèm ekonomik ki baze sou konesans pwofon Sid Eta a pou konpleman enfrastrikti fabrikasyon pis elektwonik ki deja solid nan Nò Eta. Sant la pral yon sant konsepsyon pis elektwonik nivo mondyal, ki pral sèvi kòm yon enkatè pou jèn antrepriz, fòmè konseptè pis, epi konekte estatòp yo ak pi gwo sektè semi-kondiktè a atravè tout Eta Nouyòk. Lè li ankouraje premye etap devlopman yo, Nouyòk pral etabli tèt li kòm yon lidè nan teknoloji esansyèl sa a epi sipòte kwasans plis nan fabrikasyon ki vin apre yo.

Modènize Fabrikasyon nan Tan Difisil

Sektè fabrikasyon Nouyòk la esansyèl pou vitalite ekonomik Eta a, li kontribye plis pase 100 milya dola nan pwodwi nasyonal brit Eta a epi li bay plis pase 410,000 Nouyòkè travay. Gouvènè Hochul ap retounen fabrikasyon nan Eta Nouyòk, enkli akòde youn nan pi gwo pwojè fabrikasyon nan istwa Etazini avèk pwojè Micron nan Sant Nouyòk la.

Pou bati sou momantòm sa a epi sipòte kwasans travay fas ak politik federal ki restriksyon, Gouvènè Hochul pral mande Empire State Development lanse Pwogram Modènizasyon Fabrikasyon Gouvènè a pou sipòte ti antrepriz ak mwayen antrepriz fabrikasyon nan Eta a. Pwogram nan pral etabli yon rezo Sant atravè tout Eta a ki pral konsantre sou ede ti ak mwayen fabrikasyon yo adopte nouvo teknoloji. Sant sa yo pral bay asistans teknik pou ti fabrikasyon yo pandan yo entegre entelijans atifisyèl nan operasyon yo, konsiltasyon sou chèn apwovizyonman pou ede biznis yo adapte ak enpak jeyopolitik ak tarif, epi sibvansyon kapital pou modènize ekipman oswa vire nan sektè priyòritè, tankou enèji pwòp.

Aksyon sa yo pral ankouraje inovasyon pandan y ap kreye nouvo travay ki soutni fanmi nan sektè fabrikasyon, asire ke konpayi lokal Nouyòk yo rete konpetitif ak rezistan, epi ke rekò Gouvènè a nan retounen fabrikasyon nan Eta a kontinye nan yon ekonomi mondyal k ap evolye rapidman.

Bati Avantaj Kantik nou Atravè Teknoloji Kantik Sant Komèsyalizasyon

Teknoloji kantik ban nou kapasite pou rezoud kèk nan defi ki pi konplèks nan mond lan pi vit pase tout tan anvan. Li gen potansyèl pou transfòme mond nou an, revolisyone tout endistri yo ak avansman nan enfòmasyon, deteksyon, ak kominikasyon sekirize. Aplikasyon pratik yo gen ladan tranzaksyon finansye ki pi sekirize, avansman nan teknoloji pwòp ak renouvlab, ansanm ak modèl pwoteyin pi rapid pou dekouvèt medikaman. Etabli lidèchip Nouyòk nan domèn k ap emèje sa a ouvè tou pòt pou yon kwasans ekonomik enpòtan. Sou plan mondyal, yo prevwa ke teknoloji kantik yo ap jenere 97 milya dola revni apati 2035.

Sepandan, aksè ak enfrastrikti kantik rete trè limite: sistèm yo twò chè, anviwònman tès yo restren, epi pifò konpayi pa gen kapasite teknik pou konstwi oswa itilize kapasite kantik yo endepandaman. Nan baze sou dinamik Sant Rechèch ak Inovasyon Kantik Eta a nan SUNY Stony Brook, Gouvènè Hochul ap pwopoze etabli jiska kat lòt sant kantik atravè Nouyòk ki pral sèvi kòm enkibatè epi ankouraje devlopman ak komèsyalizasyon teknoloji kantik yo. Sant sa yo pral pwen santral rejyonal pou inovasyon kantik, ki pral mete kòm priyorite komèsyalizasyon nouvo envansyon ak aplikasyon pratik nan lavi reyèl. Chak sant pral òganize yon enkibatè pou jèn antrepriz ki espesyalize nan domèn kantik, bay konpayi ki nan faz demaraj yo resous enpòtan yo, ki gen ladann mantora ak aksè ak rezo kantik lokal ak òdinatè kantik.

Aksyon sa yo pral asire ke Nouyòk rete yon sant inovasyon mondyal epi li pozisyon pou konpetisyon sou plan nasyonal ak entènasyonal pandan teknoloji kantik yo ap pran matirite epi rive nan tout potansyèl yo nan mache a.

Ranfòse Byoteknoloji nan Eta Nouyòk

Endistri byoteknoloji ak syans lavi nan Nouyòk se yon motè kwasans ekonomik. Rechèch ak devlopman nan domèn byoteknoloji pa sèlman kontribiye nan pwogrè pou byen piblik la, jan dekouvèt revolisyone pou geri maladi temwanye sa a, men li kreye tou nouvo travay ki peye byen pandan li louvri chemen pou antreprenè ak jèn antrepriz yo. Apati investisman estratejik Gouvènè a nan syans lavi, ki gen ladan kreyasyon Sant Inovasyon Tretman Selil ak Jèn nan Long Island ak nan Lwès Nouyòk ak Fon Komèsyalizasyon Byodefans pou jwenn nouvo tretman pou maladi enfektye, Gouvènè Hochul pral lanse yon nouvo investisman pou fè Nouyòk vin sant inovasyon nan syans lavi.

Inisyativ Gouvènè a pou Ranfòse Biyoteknoloji pral akonpaye tout faz nan chèn sektè syans lavi a, soti nan dekouvèt rive nan komèsyalizasyon, etabli pozisyon Nouyòk kòm lidè nan inovasyon byoteknoloji.

Investisman sa yo pral akselere komèsyalizasyon terapi ki chanje lavi — an patikilye sou domèn maladi newojeneratif — epi ankouraje investisman prive nan rechèch ak devlopman byoteknoloji atravè pwogram sa yo:

- Investisman Kapital Risk: Sèvi ak investisman kapital risk piblik ak prive pou sipòte jèn antrepriz ki pwomèt e ki gen potansyèl pou yo devlope epi vin pwochen jenerasyon lidè nan endistri a;

- Bousdetid ak Devlopman Mendèv la: Kreye nouvo pwogram fòmasyon konpetans ki fèt pou ekipe Nouyòkè yo ak konpetans nesèsè pou okipe pozisyon ki gen gwo demann, depi nan pwodiksyon rive nan pozisyon egzekitif nan domèn byoteknoloji, epi louvri chemen pou travay ki peye byen pou Nouyòkè yo;
- Pwogram Sibvansyon pou Komèsyalizasyon: Kreye yon nouvo pwogram sibvansyon ki baze sou pèfòmans, ki pran kòm modèl Pwogram Komèsyalizasyon Byodefans Eta a ki te reyisi, pou sipòte konpayi yo nan pote inovasyon byoteknoloji nan mache a nan zòn espesifik tankou maladi newojeneratif;
- Konsòsyòm Esè Klinik nan Tout Eta a: Etabli yon Konsòsyòm esè klinik atravè tout eta a pou itilize fòs konbine enstitisyon rechèch Nouyòk yo, elaji aksè a terapi avanse, epi pozisyon eta a kòm yon destinasyon premye chwa pou inovasyon medikal.

Ansanm, investisman estratejik sa yo pral ranfòse chak etap nan chèn valè syans lavi a, depi nan rechèch ak devlopman inisyèl, rive nan kwasans jèn antrepriz ak fòmasyon pou mendèv la, nan atire endistri sou gwo echèl, epi nan ankouraje kolaborasyon ant lekòl medikal ak lidè endistri yo. Atravè Inisyativ Gouvènè a pou Fòmasyon Byoteknoloji, Nouyòk pral akselere inovasyon, elaji konpayi ki pwomèt yo, atire kapital prive, kreye bon travay, epi bati yon mendèv ki gen konpetans pou dirije nan byoteknoloji nan nivo nasyonal ak atravè lemond.

Lanse Pwochen Faz Pwogram Pilòt Machin Otonòm nan

Teknoloji machin otonòm ap avanse rapidman, e Nouyòk gen yon opòtinite pou aji pou asire itilizasyon li an sekirite ak responsab sou wout nou yo. Nan sans sa a, Gouvènè Hochul pral prezante yon pwojè lwa ki vize pou avanse pwochen faz pwogram pilòt machin otonòm (AV) Eta Nouyòk la, lè li pèmèt deplwaman limite machin otonòm komèsyal pou transpò pasaje andeyò vil Nouyòk la. Konpayi AV ki enterese nan pilòt sèvis ki elaji epi amelyore opsyon mobilite pou kominote yo pral oblije soumèt aplikasyon ki montre sipò lokal pou deplwaman AV yo epi respekte pi wo estanda sekirite posib.

Inisyativ sa a bati sou plizyè ane demonstrasyon tès ki te reyisi atravè tout eta a epi li reflekte prèk ap grandi ke machin otonòm ka amelyore sekirite sou wout yo ak opsyon transpò lè yo entwodui nan yon fason reflechi. Lè li konbine inovasyon ak sipèvizyon ak planifikasyon solid pa ajans Eta yo tankou Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles, DMV), Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT), ak Lapolis Eta Nouyòk (NYSPP), Nouyòk pral ede fòme lavni transpò pandan li mete sekirite piblik nan premye plan.

Amelyore Suivi Pwojè Devlopman Ekonomik Lokal

Ajans ak otorite devlopman endistriyel (IDA) yo se zouti esansyèl pou pwogrese devlopman ekonomik, lojman ak lòt priyorite atravè tout eta a, rapòte plis pase 900 milyon dola nan rediksyon taks nèt sèlman nan ane 2024. Sepandan, siveyans

investisman sa yo ka difisil akòz inefikasite nan sistèm suivi eritaj Eta a. Otorite lokal yo ap tou pèdi lajan paske yo pa kontwole rediksyon taks sou lavant yo jan sa dwe fèt.

Renouvle sistèm aktyèl la epi ranplase li ak yon zouti analiz byen devlope ak pi byen ekipe pral amelyore transparans, entegrite, ak efikasite, pandan li bay done sipèvizyon epi pèmèt otorite lokal yo pi byen kominike rezilta pwojè yo. Anplis de sa, aplike Gwoup Entegrite Revni Biwo Bidjè Otorite (Authorities Budget Office, ABO) yo ta ka ede rekipere apeprè 11 milyon dola nan rediksyon taks sou lavant depase ki p ap kontwole kounye a.

Lanse Empire AI Beta epi kreye premye sant rechèch endepandan sou entèlijans atifisyèl nan SUNY Binghamton

Gouvènè Hochul te lanse Empire AI, yon konsòsyòm premye nan nasyon an ki rasanble enstitisyon rechèch piblik ak prive pou avanse rechèch entèlijans atifisyèl (IA) pou byen piblik a gwo echèl, pou pouse Nouyòk vin yon lidè nan rechèch ak aplikasyon IA nan fason pozitif. Sistèm Empire AI nan Nouyòk, ki mache ak sipè-òdinatè akademik ki pi avanse nan mond lan e ki chita nan Inivèsite Eta Nouyòk (State University of New York) nan Buffalo, deja ap aplike teknoloji avanse sou gwo echèl nan kèk nan rechèch ki pi enpòtan nan mond lan.

Ane pase a, Gouvènè Hochul te anonse finansman pou ekipe dezyèm faz pouvwa sipè-òdinatè a, Empire AI Beta. Jodi a, Empire AI Beta ap enstale ansanm ak sistèm Alpha a, ansanm yo pèmèt plizyè santèn chèchè soti nan 10 enstitisyon manm yo kontinye avanse rechèch IA pou byen piblik. Nouvo sistèm Beta a akselere pèfòmans Empire AI anpil jiska 11 fwa kapasite li te genyen anvan, fè li vin sipè-òdinatè akademik ki pi avanse nan mond lan. Empire AI Alpha ak Empire AI Beta pèmèt enstitisyon manm yo fè rechèch kritik nan domèn IA pi vit ke posib pandan y ap devlope sistèm Empire AI konplè nan lavni.

Apati inisyativ Empire AI li nan nivo nasyonal, Gouvènè Hochul pral anonse yon don rekò pou Inivèsite Eta Nouyòk nan Binghamton, donatè prive bay pou kreye sèl sant inivèsite piblik ki bati pou asire IA sèvi pou enterè piblik la.

Investisman sa a—ki se pi gwo don akademik nan istwa Inivèsite a—pral etabli Sant lan kòm prensipal sant akademik nan nasyon an pou itilize syans ak jeni pou kreye entèlijans atifisyèl ki responsab, repete, ak transparan. Objektif li se fè rechèch sou fason pou itilize pouvwa ekstrawòdinè IA pou byen piblik, epi sèvi kòm yon sant premye chwa pou rechèch teknik fondamantal sou sekirite, pwoteksyon, ak transparans modèl ak sistèm IA yo, pou ede asire ke IA sèvi byen piblik la, mete Nouyòk nan premye liy yon nouvo disiplin teknik nan enterè piblik, epi atire talan IA nan Nouyòk. Investisman sa a pral amelyore sekirite piblik la nan reyini lidè ki nan domèn inovasyon, rechèch, ak sèvis piblik pou asire kapital enpòtan ap itilize pou jwenn fason pou sèvi ak IA pou byen kominote nou yo.

Ranfòse Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ak New York Forward

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Eta a bay fon pou revitalize ak amelyore katye anba lavil a atravè tout eta a, sipòte devlopman enfrastrikti, transpò piblik, kreyasyon travay, ak aktivite ekonomik. New York Forward bay fon pou revitalizasyon anba lavil tou, men li vize resous yo sou kominote ki pi piti ak riral tankou vilaj ak ti bouk. Gouvènè Hochul ap pwopoze yon nouvo seri investisman nan pwogram sa yo pou kontinye ede kominote yo devlope katye anba lavil yo pou vin sant dinamik ki ofri yon bon kalite lavi epi ki atire biznis, kreyasyon travay, ak divèsite ekonomik ak lojman.

Kreyasyon Meday Gouvènè a pou Rekonpanse Nouyòkè ki Pote yon Kontribisyon Sitwayen Eksepsyonèl

Pandan pwochen selebrasyon 250yèm anivèsè Etazini, Meday Gouvènè a, ki onore Nouyòkè ki pote yon kontribisyon yo te fòme epi ranfòse lavi sitwayen ak kiltirèl nan eta nou an pral prezante. Gouvènè Hochul te fè angajman sivik, atizay, ak kilti vin priorite santral atravè investisman piblik kontinyèl ak rekonesans. Meday Gouvènè a pral bay Nouyòkè ki pote yon kontribisyon ekstrawòdinè nan kominote yo e kote reyalizasyon yo nan sèvis piblik, atizay, kilti, ak inovasyon demontre lidèchip kontinyèl Nouyòk, ansanm ak enfliyans dirab li lakay li ak atravè lemond.

Komemore 250yèm Anivèsè Revolisyon Ameriken an ak Istwa Nouyòk

Ane sa a make 250yèm anivèsè Revolisyon Ameriken an, sa ki bay yon opòtinite istorik pou komemore istwa Nouyòk epi reflechi sou lavni nou. Preparasyon Eta Nouyòk pou make enpòtans peryòd Lagè Endepandans lan mennen nan nivo nasyonal, avèk plis pase 75 milyon dola nan investisman ki reyalize, ki te an kou oswa prevwa nan plizyè douzèn sit ki gen rapò ak Lagè Endepandans lan ki nan Pak Eta Nouyòk atravè tout eta a.

Pou komemore istwa rich ak divès Nouyòk, Gouvènè Hochul ap lanse pwosesis pou kreye Sant Prezèvasyon ak Resous Istwa Nouyòk (New York History Preservation and Resource Cente, History PaRC). Pwojè anbisyè sa a pral konvèti katye jeneral aktyèl Divizyon pou Prezèvasyon Istorik la nan Peebles Island State Park nan Waterford an yon sant istwa piblik ki ap nan nivo teknoloji a. Enstalasyon History PaRC yo pral fèt pou amelyore aksè piblik a koleksyon istorik ak pwogram prezèvasyon Nouyòk yo anpil, avèk objektif pou enspire aprantisaj pou tout lavi ak apresyasyon pou istwa Nouyòk. Anplis espas ekspozisyon piblik la, li pral sèvi tou kòm yon sant kolaboratif pou fòmasyon ak atelye, rechèch istorik, epi li pral ankouraje pi gwo koperasyon ant ajans eta yo ak òganizasyon kiltirèl yo.

Elaji Pwogram Sibvansyon Enfrastrikti Konte a

Pwogram Sibvansyon Enfrastrikti Konte Nouyòk la ede konte yo finanse pwojè enfrastrikti enpòtan sou ti echèl ki afekte lavi chak jou Nouyòkè yo epi ankouraje vizit. Pwojè sa yo enkli konstriksyon oswa reyabilitasyon wout, egou oswa sèvis piblik pou ankouraje kwasans lojman, amelyorasyon enfrastrikti minisipal oswa piblik pou ogmante touris, ak anbeli espas piblik yo. Gouvènè Hochul ap pwopoze 50 milyon dola nan finansman adisyonèl pou sipòte pwogram sa a, ede konte yo modènize ak rebati enfrastrikti piblik esansyèl yo pou rete konpetitif epi jenere kwasans ekonomik.

Elimine Restriksyon Demode sou Dans

Depi plizyè deseni, kompleksite ak mank transparans nan lisans pou tavèn, ba, ak restoran te lakòz konfizyon piblik sou dans, souvan kreye tansyon nan kominote yo. Etandone danse otorize nan ba ak tavèn yo (apre pwosesis biwokratik SLA ak nan nivo komite kominotè), men li pa toujou otorize nan restoran, kèk aplikan — espesyalman sa yo ki vle eksplwate etablisman yo kòm restoran nan kèk moman epi kòm ba oswa tavèn nan lòt moman — idantifye tèt yo kòm restoran men yo fonksyone kòm klèb de nwi. Sa diminye konfyans kominote a, lakòz plis plent, epi fòse SLA (Otorite ki Kontwòle Bwason Alkolize) a aplike règ kont dans.

Pou amelyore konfyans ak transparans epi diminye biwokrasi, Gouvènè Hochul ap pwopoze pou chaje SLA ak otorize pa defo dans lan nan tavèn ak ba yo, epi kreye yon nouvo lisans ibrid restoran-tavèn. Pou ba ak tavèn, okenn pwosesis oswa bezwen odyans piblik pa pral chanje, epi komite kominotè yo ap kapab kenbe wòl yo nan bay lòt rekòmandasyon. Pa pral gen okenn chanjman pou restoran, kote kalite lisans yo pa toujou pèmèt kliyan danse. Pou aplikan ki vle opere kòm restoran epi kòm ba oswa klèb nan diferan moman, nouvo tip lisans ibrid la pral pote plis transparans nan kominote a, paske lisans lan pral reflekte karaktè etablisman an avèk presizyon. Tout tip lisans yo ap kontinye mande divulgasyon ak peryòd kòmantè kominotè pou dans ak pèfòmans dans, an akò ak obligasyon legal yo.

Modènizasyon Lwa sou Kontwòl Bwason Alkolize (Alcoholic Beverage Control Law, ABCL)

Biznis atravè chèn apwovizyonman an ap fè fas ak règ demode soti nan epòk Entèdiksyon nan Nouyòk. Gouvènè Hochul pral fasilite chwa konsomatè yo epi ankouraje ekonomi lokal yo pa pwopoze lejislasyon pou modènize Lwa ABC a. Pa egzanp, li pral ogmante opòtinite pou pwodiktè bwason ak alkòl yo lè li pèmèt tout pwodiktè posede jiska twa lisans restoran oswa tavèn epi louvri restoran oswa bar nan enstalasyon pwodiksyon yo, ankouraje fabrikasyon ki soti nan lòt eta envesti nan Nouyòk epi kreye opòtinite pou biznis Nouyòk yo. Nan ane 2007 ak 2014, lwa yo te liberalize pou pwodiktè agrikòl yo, men pwodiktè ki pa agrikòl nan Nouyòk ak tout pwodiktè ki soti lòt eta yo toujou fè fas ak limitasyon sa yo. Gen yon bezwen pou modènize lisans yo atravè tout domèn, soti nan ba espò ak kafe rive nan salon ayewopò, otèl, ak sinema.

Envesti nan Ekite Atravè Tout Chèn Apwovizyonman Kanabis la

Depi legalizasyon kanabis legalize an 2021, Nouyòk te konsantre sou mete endistri a sou pye, ki enkli ede nouvo biznis atravè eta a jwenn lisans epi kòmmanse opere. Senkan apre, avèk plis pase 550 dispansè nan yon mache ki vo 2.65 milya dola, nouvo bezwen ap parèt pandan endistri a ap pran matirite. Atravè tout chèn apwovizyonman ak nan tout Eta a, nou dwe kreye opòtinite pou devlopman biznis ki depase lisans ak sipò pou jèn antrepriz, epi olye de sa konsantre sou dirabilite alontèm, kontinye siksè nou kòm mache kanabis ki pi ekitab nan peyi a.

Gouvènè Hochul ap pwopoze pou ranfòse chèn apwovizyonman kanabis la nan kreye yon rezo enkitabè biznis kanabis sètifye, yon patenarya pou devlopman mendèv la ak SUNY ak CUNY, ak yon inisyati volontè Fondasyon Dwa CUNY. Ki konpoze de founisè

sèvis verifye soti atravè tout eta a ki ofri fòmasyon ak asistans teknik nan domèn tankou legal ak kontablite, rezo a pral sèvi kòm yon sant inik pou biznis kanabis soti nan kòmansman rive nan gwo anplè, avèk yon konsantrasyon sou gwoup ki gen priorite nan pwogram Ekite Sosyal ak Ekonomik (Social and Economic Equity program, SEE) ak kominote ki plis afekte (CDI). Inisyativ sa yo pral kreye avèk gid ak angajman kominote yo, ansyen sòlda ki gen andikap, ak kiltivatè ki nan difikilte, ansanm ak lòt pati entereze atravè tout chèn apwovizyonman an.

Sipòte Pwodiktè Lèt pou Modènize Endistri a

Depi lè li te antre an fonksyon, Gouvènè Hochul te sipèvize yon ekspansyon san parèy nan sektè pwodiksyon lèt nan Nouyòk. Eta a te selebre investisman atravè tout eta a, ki gen ladann yon izin pwodiksyon fairlife 650 milyon dola nan Webster, yon elajisman prèske 30 milyon dola nan etablisman pwodiksyon fwomaj Agri-Mark nan Chateaugay, yon nouvo etablisman pwodiksyon yogout Chobani 1.2 milya dola nan Rome, etablisman pwodiksyon krèm glase Wells Enterprises 425 milyon dola nan Dunkirk, ak plis ankò, ki ranfòse estati Nouyòk kòm pwodikètè lèt prensipal nan Nòdès la. Kounye a, gen prèske 300 izin pou transfòmasyon lèt ki rekonèt atravè lemond nan tout eta a.

Konekte kiltivasyon lèt ak pwodiksyon ak antite fabrikasyon ak transfòmasyon an pral kreye yon sik ekonomik pozitif, ki pral benefisye kiltivatè, travayè sektè lèt la, ak konsomatè yo menm jan. Sepandan, pwodikètè lèt yo ap fè fas ak yon seri defi konplike, ki enkli taks sou manje bèt, enfrastrikti ki fin ansyen, ogmantasyon depans operasyon, ak defi kontinyèl nan chèn apwovizyonman ki fè li pi difisil pou fè plan ak investi pou lavni.

Gouvènè Hochul pral ranfòse sipò pou pwodikètè lèt yo pa lanse yon lòt faz nan Pwogram Modènizasyon Lèt la epi pwolonje kredi taks investisman ranbousab la pou bay fèm yo tan ak garanti ki nesèsè pou modènize operasyon yo epi reyalize bann pwojè enpòtan. Pwolongasyon kredi taks investisman ranbousab la pral bay kiltivatè yo tou sipò finansye ki nesèsè pou konpanse ogmantasyon depans nan fè biznis aksyon taks federal yo koze. Mezi sa yo pral ede kiltivatè yo amelyore sistèm depo ak transfòmasyon sou fèm yo, ogmante efikasite ak kalite lèt, epi kontinye investi nan ekipman ak enstalasyon malgre maj sere ak volatilite mache a. Lè li ranfòse chèn apwovizyonman lèt la epi sipòte kominote riral atravè tout Eta a, Nouyòk pral pwoteje travay, asire yon rezèv manje ki estab, epi garanti konpetitivite alontèm endistri lèt li a.

Devlope Chèn Apwovizyonman Chanv Endistriyèl la

Jan Gouvènè Hochul te deklare nan diskou sou Eta Leta li an 2024, Nouyòk angaje nan devlope byoekonomi li — ki gen ladan endistri chanv lan — pou kreye travay epi sipòte kiltivatè atravè tout Eta a. Pou sipòte kiltivatè chanv Nouyòk yo nan divèsifye chèn apwovizyonman yo fas a yon kontèks federal ki chanje epi bay plis efò R&D pou endistri a ak yon konsantrasyon sou materyèl konstriksyon dirab ak abòdab, Gouvènè Hochul pral etabli yon rezo pwogram ak resous atravè tout eta a ki konsantrasyon sou devlope chèn apwovizyonman chanv endistriyèl la de bout an bout. Yon konsòsyòm rechèch ak devlopman atravè senk inivèsite nan Nouyòk pral fè yon pilòt pou ekonomi ekolojik konplè pou chanv endistriyèl, soti nan kiltivasyon ak transfòmasyon fib rive nan

fabrikasyon pwodwi ak konstriksyon, ki pral fini ak konstriksyon yon granj ki sèvi tou de kòm yon etablisman pou transfòmasyon ak yon sant fòmasyon pou mendèv la. Ansanm, aksyon sa yo pral devlope byoekonomi nou an epi sipòte kiltivatè atravè tout eta a.

Fè Nouyòk vin Kapital Sid Brit nan Peyi a

Nouyòk se prensipal pwodiktè sid brit nan peyi a, ak plis endistri sid ki aktif pase nenpòt lòt eta. Endistri sid nou an te grandi konsiderableman pandan dis dènye ane yo, jenere plis pase yon milya dola nan enpak ekonomik total pou Nouyòk, men toujou gen potansyèl agritouris ki poko eksplwate pou dekouvri.

Pou sipòte endistri a epi pwofite opòtinite agritouris solid ke endistri sid la reprezante, Gouvènè Hochul pral kolabore ak New York Cider Association pou etabli Nouyòk kòm Eta Sid la, fè pwomosyon pou pye bwa fwi, chanm degistasyon, ak eksperyans gastwonmik ki ta ka vin destinasyon prensipal pou vizitè atravè peyi a. Aksyon sa yo pral ranfòse ekonomi riral yo, mete an valè travay ekstrawòdinè biznis lokal yo, epi etabli Nouyòk kòm destinasyon prensipal pou sid brit Ameriken.

Gen Kontwòl sou Depans ak Ankouraje Inivèsite Aksesib nan SUNY ak CUNY

Gouvènè Hochul ap defann aksesibilite pou elèv ak fanmi nan Nouyòk gen kontwòl depans nan inivèsite piblik Nouyòk yo, kanpe frè ekolaj pou etidyan nivo lisans ki rezidan nan kanpis SUNY Eta a jere ak inivèsite siperyè CUNY yo, epi bay enstitisyon sa yo plis èd operasyon pou plis Nouyòkè ka jwenn yon diplòm san yo pa akimile gwo dèt. Lè li kenbe frè ekolaj la nan menm nivo sou tout kanpis SUNY ak CUNY yo, li ap soulaje chay finansye ki peze sou elèv ak fanmi Nouyòkè ki redi yo.

Inivèsite ki aksesib se yon eleman kle nan estrateji ekonomik Nouyòk. Blokaj kontinyèl sa a sou frè ekolaj la, ansanm ak lòt inisyativ tankou kolèj kominotè gratis pou aprenan granmoun ak elajisman anvan nan aksè nan Pwogram Asistans Ekolaj la, ede fanmi ak elèv k ap travay yo fè fas ak pri lavi a pandan y ap prepare Nouyòkè pou travay ak karyè ki peye byen.

Amelyore Aksesibilite nan Devlope Pwogram SUNY ak CUNY Reconnect pou Travay ki Gen Gwo Demand

Pri yon diplòm inivèsité pa ta dwe anpeche adilt k ap aprann yo pou swiv nouvo rèv pwofesyonèl nan domèn ki gen gwo demann e ki dinamize ekonomi nou an. SUNY ak CUNY Reconnect, ke Gouvènè Hochul te lanse an 2025, bay adilt k ap aprann yo opsyon pou swiv kolèj kominotè gratis si yo pou swiv yon diplòm nan yon domèn ki gen gwo demann tankou swen sante, sibèsekirite, oswa fabrikasyon avanse. Pwogram nan deja bay rezilta eksepsyonèl; kolèj yo resevwa 16,500 aplikasyon atravè tout eta a ane sa a epi enskri plis pase 11,000 elèv nan pwogram nan, travay avèk siksè pou sipòte ekonomi nou an epi ranfòse fòs travay nou an nan endistri ki esansyèl yo.

Pou kontinye lanse sa a, Gouvènè Hochul pral elaji lis domèn ki kalifye nan pwogram nan pou enkli domèn tankou lojistik, kontwòl trafik ayeryen ak transpò, ak jesyon ijans. Bay bezwen ijan pou elaji mendèv enfimyè nou an, li pral tou elaji pwogram nan pou

enkli granmoun k ap pouswiv yon diplòm nan enfimyè, menm si yo deja genyen yon diplòm kolèj nan yon lòt domèn. Lè li elaji pwogram SUNY ak CUNY Reconnect nan domèn ki gen gwo demann, Eta a ap sipòte devlopman mendèv nan sektè ki gen gwo demann, ranfòse ekonomi nou an pa konble vid nan travay, epi kreye opòtinite mobilite ekonomik pou Nouyòkè atravè tout Eta a.

Inisyativ New York Career Connect: Byen Prepare Elèv yo pou Mache Travay la atravè Tout Sistèm Edikasyon Siperyè Nouyòk yo

Lè elèv yo gradye nan mache travay ak endistri dinamik, li enpòtan pou asire ke sistèm edikasyon siperyè Nouyòk la bay tout elèv opòtinite pou eksperyans nan fòs travay anvan yo gradye, pou yo byen prepare pou konpetisyon pou travay nan lavni. Gouvènè Hochul pral pran mezi odasye pou sipòte SUNY ak CUNY pou bay elèv yo plizyè milye estaj ak eksperyans aprantisaj ki gen rapò ak karyè yo ak ki gen rapò ak travay, ane pwochè, atravè inisyativ New York Career Connect. Chak sistèm pral bati sou pwogram estaj ak eksperyans aprantisaj solid yo lè yo entegre konseye karyè ak konsèy akademik, bay kat karyè klè pou chak matyè prensipal, epi elaji opòtinite ak biznis lokal ak pozisyon nan sèvis piblik. Lè yo ini efò sa yo nan kad yon objektif atravè tout Eta a, Eta a pral konble eka nan patisipasyon moun ki sou mache travay la, ranfòse patenarya ak anplwayè yo, epi asire ke chak diplome pare pou karyè—ogmante valè yon diplòm kolèj epi pozisyon Nouyòk kòm yon lidè nasyonal nan preparasyon mache travay.

Gouvènè Hochul ap konstwi yon avni meyè pou Nouyòk. Depi li te antre an fonksyon, Gouvènè a te ouvè yon nouvo epòk nan kwasans ekonomik lè l mete kòm priyorite kreyasyon travay, devlopman kominotè, ak revitalizasyon ekonomik. Soti nan investisman nan nouvo teknoloji inovatif rive nan sipò pou ti biznis, estrateji avanse sa a ap bati yon ekonomi rezistan ak enklizif ki prepare nou pou konpetisyon nan avansman teknolojik sou yon echèl entènasyonal kounye a, epi pou jenerasyon kap vini yo. Depi li te antre an fonksyon, Gouvènè Hochul te:

- Etabli Nouyòk kòm yon lidè nan inovasyon semi-kondiktè, dènyèman kòmanse konstriksyon yon nouvo etablisman rechèch ak devlopman semi-kondiktè nan NY Creates Albany Nanotech Complex.
- Transfòme sektè syans lavi a lè l etabli de nouvo Sant Inovasyon Terapi Selilè ak Jèn (Cell and Gene Therapy, CGT) sou Long Island ak Lwès Eta Nouyòk la. Sant sa yo pare pou revolisyone swen pasyan yo nan akselere rechèch ak komèsyalizasyon Terapi Selilè ak Jèn (CGT), asire ke nouvo terapi ki ka chanje lavi yo devlope nan Nouyòk.
- Mete IA nan sèvis byen piblik nan lanse Empire AI, yon konsòsyòm piblik-privè enpòtan, ki elaji aksè a sipè-òdinatè IA pou inivèsite ak enstitisyon rechèch ki pi enpòtan nan Nouyòk, ranfòse inovasyon ak benefis piblik epi amelyore pozisyon Nouyòk kòm yon lidè mondyal nan IA responsab.
- Kreye plizyè pwogram pou elimine baryè pou ti biznis atravè Inisyativ Kredi Ti Biznis Eta a ki nan 500 milyon dola, ki konsantre sou investisman ekitab nan kapital risk, pwogram prè ki aksesib, ak pwogram aksè kapital.

Gouvènè Hochul rete angaje nan devlope ekonomi dinamik Nouyòk la, pote travay tounen lakay, revitalize kominote yo, epi etabli Nouyòk kòm sant inovasyon.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)